

Z.Q., ETAL. V. N.Y. CITY DEP'T OF EDUC., ET AL., 20 Civ. 09866 (ALC) (RFT)

AVI SOU POSIBLITE POU DIVILGE DOSYE ELÈV

Tanpri pran tan w pou byen li avi sa a. Sa a se yon mesaj pou divilge dokiman ki gen enfòmasyon pitit ou a nan yon pwosè.

Tradiksyon nan lang Arab, Bangla, Chinwa, Anglè, Franse, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Ris, Panyòl ak Oudou ap disponib la a tou: <https://www.schools.nyc.gov/learning/special-education/help/zqferpa>

TIP PWOSE A

Nan pwosè aksyon klas sa a, *Z.Q. v. NYC DOE*, pleyan yo fè konnen Depatman Edikasyon Vil Nouyòk vyole dwa yo dapre Lwa Edikasyon Moun ki gen andikap (ak lòt lwa ki gen rapò avèk li) paske Depatman Edikasyon Vil Nouyòk la pa t bay elèv ki gen andikap yo (1) nivo edikasyon elèv yo gen dwa legalman pandan peryòd aprantisaj adistans la akòz Covid-19, (2) sèvis konpansatwa ki nesèsè pou repara sèvis edikasyon ak terapi yo pèdi pandan peryòd aprantisaj adistans la, epi (3) yon pwosesis kote pou yo jwenn sèvis konpansatwa ki nesèsè pou ratrape sèvis edikasyon ak terapi yo pèdi pandan peryòd aprantisaj adistans la. Depatman Edikasyon Vil Nouyòk demanti akizasyon sa yo.

Se defansè pou timoun Nouyòk, <https://www.advocatesforchildren.org/>, 212-225-9339 (cal@advocatesforchildren.org), ak Patterson Belknap Webb & Tyler LLP ki reprezante moun ki pote plent yo, <https://www.pbwt.com/>.

DEMANN DOKIMAN

Nan kad pwosè sa a, Pleyan yo ap mande Depatman Edikasyon Vil Nouyòk pou bay kèk dokiman ki ta ka gen enfòmasyon pèsònèl sou elèv, pami yo pitit ou a. Kèk egzanp dokiman yo mande yo gen ladan (1) nenpòt demand paran ak/oswa responsab legal yo fè pou pwogram, sèvis oswa aparèy pandan aprantisaj adistans, (2) nenpòt demand paran yo pou pwogram ak sèvis pou ratrape edikasyon ak terapi pitit yo te pèdi pandan fòmasyon adistans lan. aprantisaj, epi (3) nenpòt òf pou bay elèv ki gen andikap sèvis ratrapaj pou edikasyon ak terapi elèv yo te pèdi pandan aprantisaj adistans lan. Si w se yon elèv aktyèl oswa ansyen elèv, oswa paran oswa responsab yon elèv, **ki te resevwa oswa te mande pou pwogram, sèvis oswa aparèy ant mwa mas 2020 ak mwa jiyè 2021, oswa te resevwa oswa te mande pou pwogram ak sèvis pou ratrape edikasyon ak terapi pitit ou a te pèdi pandan aprantisaj adistans, yo ka prepare dosye pou ou oswa dosye pou pitit ou a.**

Si Depatman Edikasyon Vil Nouyòk bay dosye ou oswa dosye pitit ou a, dosye yo ap kenbe an prive epi se sèlman **avoka pati yo ak estaf yo, ekspè yo ak lòt twazyèm pati ki ka temwanye oswa ede nan ka a, Tribinal la ak estaf li yo, epi lòt moun ki gen konsantman avoka pati yo pral kapab wè yo.** Pati yo konkli yon Akò konfidansyalite ke Tribinal la te òdone, sa vle di **yo pa pral divilge okenn dosye elèv bay piblik la ni bay okenn lòt elèv oswa paran.**

Lè yo bay dosye elèv ou a, sa p ap gen enpak nan edikasyon elèv ou a, epi yo pa kapab itilize li kont ou oswa elèv ou a. Si yo bay dosye elèv ou a, y ap itilize dosye a sèlman nan pwosè

aksyon gwoup sa a, epi yo pa kapab itilize li pou okenn lòt rezon.

DWA ELÈV SOU KONFIDANSYALITE

Ou gen opòtinite pou fè objeksyon pou prezantasyon nenpòt dokiman konsènan oumenm oswa pitit ou nan ka sa a. Lwa sou dwa ak vi prive fanmi nan edikasyon (*Family Educational Rights and Privacy Act*, "FERPA"), 20 U.S.C. § 1232g(b) ak 34 C.F.R. § 99.31(a)(9)(ii), ak Lwa sou edikasyon moun ki gen andikap (*Individuals with Disabilities Education Act*, "IDEA"), 20 U.S.C. §§ 1400, *et seq.* se lwa federal ki pwoteje konfidansyalite dosye elèv. Lwa sa yo pèmèt yo divilge dosye sa yo dapre yon lòd tribinal, depi distri lekòl la fè yon efò rezonab pou avèti elèv ak paran avan yo divilge dosye yo epi bay yo opòtinite pou fè objeksyon pou pa divilge enfòmasyon pèsònèl ki pwoteje ki nan dosye sa yo.

Si apre avi, yo fin avèti yo, yon paran ak/oswa elèv la fè objeksyon, **yo ka bay dokiman yo**, men y ap retire enfòmasyon pèsònèl ki pwoteje yo konsa avoka pleyan yo pa p ka wè enfòmasyon sa yo. Enfòmasyon Pèsònèl pwoteje a gen ladan non elèv; non paran ak responsab (ladan non jèn fi manman); non manm fanmi; nimewo sekirite sosyal; adrès kay; nimewo telefòn kay; dat nesans ak kote moun lan fèt.

KÒMAN POU FÈ OBJEKSYON

Avi sa a pa afekte okenn dwa ou genyen ni dwa pitit ou a genyen nan nenpòt lòt zafè ou ka genyen avèk Depatman Edikasyon Vil Nouyòk.

Ou lib pou fè objeksyon pou yo pa divilge dosye w oswa dosye pitit ou a. Si w gen yon avoka oswa yon defansè k ap ede w, li ta bon pou pale avèk yon avoka sou avi sa a.

Si w pa gen objeksyon pou yo divilge enfòmasyon yo dekri pi wo a, ou pa bezwen fè anyen.

Si ou gen objeksyon pou yo divilge enfòmasyon yo dekri pi wo a, ou dwe: ranpli fòm "Objeksyon pou Divilgasyon Enfòmasyon sou Elèv ak Dosye Nimewo ka 20-CV-09866" ("Objection to Disclosure of Student Information and Records Case No. 20-CV-09866") ki vini avèk Avi sa a oswa ou ka jwenn nan <https://www.schools.nyc.gov/learning/special-education/help/zqferpa>, epi swa voye li pa (1) imèl bay ZQObjections@schools.nyc.gov, oswa (2) pa lapòs nan adrès sa a:

Jeffrey S. Dantowitz NYC Law Department
100 Church Street, Room 2-178 New York, NY 10007

YO DWE RESEVWA TOUT OBJEKSYON POU PITA 27 DESANM 2024.

Si w ta renmen gen plis enfòmasyon sou kòman pou fè objeksyon pou yo pa divilge dosye pitit ou a (oswa dosye pa w si w gen plis pase laj 18 ane) oswa si w bezwen yon tradiksyon avi sa a, tanpri ale sou <https://www.schools.nyc.gov/learning/special-education/help/zqferpa>. Si w gen nenpòt kesyon konsènan pwosè a, ou ka kontakte Advocates for Children's Helpline nan 212-225-9339 oswa <https://advocatesforchildren.org/contact-us/>.

Si w pa voye yon fòm objeksyon nan dat 27 desanm 2024, n ap konsidere ou retire dwa w pou fè objeksyon pou yo pa divilge enfòmasyon ak dosye ki gen enfòmasyon pèsònèl ki pwoteje elèv la.

OBJEKSYON POU DIVILGE ENFÒMASYON AK DOSYE ELÈV

Mwen se yon paran, responsab, oswa yon elèv adilt ki gen laj dizuit (18) ane oswa pi gran.

Mwen li epi mwen konprann Avi sou posiblite pou yo divilge dosye elèv la.

MWEN FÈ OBJEKSYON pou yo pa divilge dosye edikasyon ak enfòmasyon pèsònèl¹ ki pwoteje ki nan dokiman Depatman edikasyon posede an koneksyon avèk pwosè yo rele, *Z.Q., et al. v. N.Y. City Dep't of Educ., et al.*, Southern District of New York, Case No. 20-CV-09866 (ALC) (RFT):

Tanpri ekri byen klè.

Non paran/responsab elèv la: _____

Non elèv: _____

Dat nesans elèv la: _____

ID elèv la: _____

Dènye lekòl elèv la te ye: _____

Adrès: _____

Dat

Siyati paran/responsab oswa
elèv adilt/ansyen elèv

Ou dwe voye fòm sa a swa (1) pa imèl bay ZQObjections@schools.nyc.gov, oswa (2) pa lapòs nan adrès sa a:

Jeffrey S. Dantowitz NYC Law Department
100 Church Street, Room 2-178 New York, NY 10007

Nou dwe resevwa fòm pou ojeksyon sa a pou pita 27 desanm 2024.

¹ “Enfòmasyon pèsònèl ki pwoteje” se bagay sa yo ak lòt ankò: non elèv; non paran ak responsab (paegzanp non jèn fi manman); non manm fanmi; nimewo sekirite sosyal; adrès kay; ak nimewo telefòn; ak dat nesans ak kote moun fèt.